

**KRITIK SOSIAL SAJRONE RAMPADAN CERKAK GARA-GARA KAGIRI-GIRI
ANGGITANE DJAJUS PETE: TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA**

Hamdan Syauqi, Drs. Bambang Purnomo, M.S.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
hamdansyauqi02@gmail.com

Abstrak

Rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* anggitane Djajus Pete ngandhut kritik sosial sing pinunjul. Kritik sosial sing diandharake dening pangripta mujudake gegambarane kang nyata sajrone urip bebrayan saben dinane. Kritik sosial sing kinandhut yaiku ngenani kritik tumrap para panguwasa, kritik tumrap tata pemerintahan, kritik tumrap kahanane kawula cilik lan kritik tumrap congkrah kulawarga. Kadadeyan kaya mengkono mau lumrah dumadi ing sawijine negara. Pangripta njupuk kritik sosial lan diwujudake simbol amerga ngaca saka kadadeyan kang nyata ing masyarakat, jalaran riptan sastra mujudake kaca bengala urip bebrayane masyarakat.

Underane panliten iki yaiku (1) kritik sosial apa wae kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG; (2) kepriye wujud *puitika simbolik* sajrone rampadan cerkak GGKG; (3) kepriye gegambarane kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG kalawan kadadeyan kang nyata ing bebrayane masyarakat; (4) Kepriye nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG. Selaras karo undere paliten dingerteni tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake wujud kritik sosial; (2) ngandharake wujud *puitika simbolik* sajrone rampadan cerkak; (3) njlentrehake gegambarane kritik sosial kalawan kadadeyan kang nyata; sarta ngandharake nilai-nilai sosial sing ana sajrone rampadan cerkak. Paedahe panliten yaiku ngrembakake panliten sastra mligine sastra Jawa modern, bisa nambahi kawruh tumrap pamaca lan bisa didadekake bahan rujukan dening panliti sabanjure. Teori sing digunakake yaiku teori sosiologi sastra kang diandharake dening Ian Watt.

Methodhe sing digunakake sajrone panliten yaiku methodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhatane panliten arupa rampadan cerkak GGKG lan pawarta ing internet. Dhatane panliten yaiku frase, tembung lan ukara sajrone rampadan cerkak GGKG. Olehe nglumpukake dhata kasebut digunakake teknik kapustakan. Kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata digunakake methodhe deskriptif analisis.

Asile panliten iki bisa diperang dadi papat. Sepisan, wujud kritik sosial sing ana sajrone rampadan cerkak GGKG kang ditingangi karo tintingan sosiologi sastra iku bisa diperang dadi pitu, yaiku (1) Panguwasa sing gumedhe lan mung apik ing tata laire, (2) Panguwasa sing serakah lan tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane, (3) Panguwasa sing korupsi lan Senang Ngumbar Janji, (4) Kahanane pamrintahan sing awut-awutan, (5) Kahanane kawula cilik sing Tansah Katindhes, (6) Cecongkrah sajrone Kulawarga, (7) Rajapati. Dene sing kapindho yaiku wujud *puitika simbolik* sing kaperang dadi loro yaiku, (1) Simbol jagade pewayangan, lan (2) Simbol jagade kewan. Andharan katelu yaiku gegayutane kritik sosial kalawan kadadeyan nyata ing bebrayan, lan sing pungkasan yaiku ngandharake nilai-nilai sosial sing kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG

PURWAKA

Landhesane Panliten

Urip bebrayan agung satengahe masyarakat tansah kebak ing kadadeyan-kadadeyan sosial kang mujudake fenomena sosial. Anane fenomena sosial iku kang ndadekake pangripta nulis sawijine riptan sastra. Luxemburg, dkk (1992 :23) ngandharake yen riptan sastra mujudake fenomena sosial. Kabeh kadadeyan sosial kang ana sajrone riptan sastra iku nggambarake utawa dadi kaca pangilon tumrap lelakone uripe manungsa.

Saliyane mujudake fenomena sosial ing masyarakat, riptan sastra uga mujudake sarana kanggo ngkritik kadadeyan kang dumadi ing satengahe urip bebrayane masyarakat. Akeh riptan sastra kang ngandhut unsur kritik, mligine yaiku kritik sosial. Tuladhane kayata ngukuhi nasibe wong cilik kang sengsara, amerga tingkahe panguwasa sing kurang adil. Nurgiyantoro (2007: 334) ngandharake yen akeh riptan sastra kang nuduhake kepriye anggane ngukuhi nasibe wong cilik kang sengsara. Nasibe wong cilik utawa wong

mlarat kudu dibela, rakyat cilik kang digawe dolanan dening para panguwasa, kekuwasaan kang luwih pinunjul yaiku kekuwasaan ekonomi.

Salah sawijine kumpulan cerkak kang ngandhut masalah sosial lan kritik sosial yaiku Rampadan Cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* anggitane Djajus Pete kang sabanjure dicekak dadi GGKG. Kritik sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak iki ora mung siji, amerga rampadan cerkak iki dumadi saka sepuluh cerkak kang temane beda-beda. Saka sepuluh cerkak kang ana sajrone rampadan cerkak iku mau ana perangan kang padha yaiku ngkritik ngenani tumindake panguwasa kang sawiyah-wiyah lan kurang adil marang kawula cilik, kritik sosial tumrap kahanane kawula cilik kang tansah katindhes dening para panguwasa.

Cerkak kang ditulis dening Djajus Pete mujudake riptan sastra kang ngandhut simbol-simbol utawa pinunjul ing babagan *puitika simbolik*. Kritik sosial sajrone rampadan cerkak GGKG iki saperangan akeh diandharake kanthi cara samudana. Cara kang lumrah digunakake yaiku awujud simbol utawa pralambang-

pralambang. Pamaos kudu tliti lan ati-ati kanggo ngerteni isine cerita.

Panliten iki bakal ngandharake apa wae ktitik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete kanthi teori sosiologi sastra. Kritik sosial sing bakal diandharake ana sing awujud pralambang utawa *puitika simbolik*. Kajaba saka iku, panliten iki uga bakal ngandharake gegambarane kritik sosial sajrone rampadan cerkak GGKG kalawan kadadeyan kang nyata sajrone urip bebrayane masyarakat. Ora mung winates iku wae, panliten iki uga bakal ngandharake nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG. Kabeh mau bakal diandharake ing andharaan panliten iki.

1.1 Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wis diandharake kasebut, underane panliten yaiku:

- 1) Kritik sosial apa wae kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG?
- 2) Kepriye wujud *puitika simbolik* sajrone rampadan cerkak GGKG?
- 3) Kepriye gegambarane kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG kalawan kadadeyan kang nyata ing bebrayane masyarakat?
- 4) Kepriye nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG?

1.3. Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten kasebut bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- 1) Ngandharake kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.
- 2) Ngandharake *puitika simbolik* sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.
- 3) Ngandharake gegambarane kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG kalawan kadadeyan kang nyata ing bebrayane masyarakat.
- 4) Ngandharake nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.

1.4 Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kaya ing ngisor iki.

- 1) Bisa nambahi kawruh tumrap pamulangan sastra. mligine ngenani kritik sosial kang ana sajrone cerkak anggitane Djajus Pete. Mligine kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG.
- 2) Aweh sumbangsih tumrap pangrembakane basa, sastra lan kabudayan Jawa sarta bisa nambahi bab kang kurang saka panliten-panliten sadurunge ngenani babagan kang saemper kang diandharake ing panliten sadurunge.

1.5 Watesane Panliten

Supaya panliten iki ora kekamban, mula sajrone panaliten iki ana watesane panliten. Wewatesan iki mau kaya kang kasebut ing ngisor iki:

- 1) Panliten iki nyoba ngandharake kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.
- 2) Panliten iki nyoba ngandharake *puitika simbolik* sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.

3) Panliten iki nyoba ngandharake gegambarane kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete kalawan kadadeyan kang nyata ing bebrayane masyarakat.

4) Panliten iki nyoba ngandharake nilai-nilai sosial sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.

5) Dhata kang dijupuk yaiku saka rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete kang diterbitake taun 2012 dening Gus Ris Foundation.

1.5 Watesane Tetembungan

Supaya ora nuwuhake persepsi kang beda, mula panliten iki menahi wewatesan tetembungan kaya ing ngisor iki:

- 1) Kritik sosial : Sawijine kegiatan menahi panyaru apik lan orane reiptan sastra kang langsung gegayutan karo reiptan sastra tartamtu.
- 2) Rampadan cerkak : Kumpulan pirang-pirang cerkak kang diripta dening pengarang kang padha lan dijilid dadi wujud buku.
- 3) Puitika Simbolik : Reriptan sastra kang nggunakake simbol utawa pralambang sajrone ngandharake isine.
- 4) Sosiologi sastra : Salah sawijining teori kang nganalisis kanthi cara langsung antarane sastra lan masyarakat.
- 5) Aspek Sosiologis : Aspek kang objeke masyarakat lan ngandhut prekara- prekara sosial sajrone urip bebrayane masyarakat

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten-panliten reriptan sastra kang ngandhut kritik sastra mligine kritik sosial ora mung kaping pisan iki ditindakake. Sadurunge panliten iki kaleksanan, ana panliten kang saemper kang wis ditindakake. Panliten saemper kang nliiti sastra saka aspek kritik sastra tuladhane kaya panliten kanthi judhul "Pergaulan Mudha Mudhi dalam Roman Sacuwil Majalah Jayabaya Tahun 2000" kang ditulis dening Dewi Subekti ing taun 2004. Kritik kang diandharake dening Dwi Subekti sajrone panlitene, ngenani kritik marang wong tuwa, masyarakat, lan lingkungan ing *Roman Sacuwil*.

Panliten saemper sabanjure yaiku panliten kanthi judhul "Kritik Sosial Sajroning Antologi Geguritan *Gurit Panuwuning Urip* Anggitane Davit Harijono" kang ditulis dening Serdania Ita Dhamina ing taun 2007. Panliten kasebut ngandharake kritik sosiale Davit Harijono marang negara, lingkungan, pangrembakane jaman, teknologi, pendhidhikan lan wong cilik. Zuli Kristanto ing taun 2012 lan Tatag Wiramustika Yudha ing taun 2014 uga nindakake panliten kanthi topik kritik sosial.

2.2 Kritik Sastra

Kritik sastra yaiku sawijine kegiatan menahi panyaru apik lan orane reiptan sastra kang langsung gegayutan karo reiptan sastra tartamtu. Kajaba amung mbiji apik lan orane sawijine reiptan sastra, panliten iki uga bakal ngrampungake kabeh prakara kang klebu sajrone reriptan sastra kanthi menahi tafsiran, andharan lan jlentrehan (Hardjana, 1994: 37).

Kritik sastra bisa ditindakake kanthi nggunakake pamarekan kang cocok karo tipene reriptan sastra. Sawijine pamarekan kang lumrah digunakake yaiku kritik mimetik (*Mimetic Criticism*). Abrams (kaya kang dipethik sajrone Pradopo 2003: 26) ngandharake yen kritik mimetik yaiku kritik kang nganggep yen reriptan sastra iku minangka tiron, kaca benggala, lan gambaran panguripane manungsa ing ndonya.

Kritik sastra kang apik yaiku analisis utawa nliti tinthingan tumrap reriptan sastra adhedhasar teori sastra, hakekat sastra, lan ora nengenake utawa mihak sawijine kelompok lan kudu asipat objektif. Tegese yaiku ana pertimbangan kanggo apik lan eleke reriptan sastra kang dikritik, adhedhasar kanyatan. Saliyane iku, anggone mbiji kudu jangkep kawitan nganti pungkasan lan nganggep yen sejatine reriptan sastra iku minangka kumpulan kang utuh (Pradopo, 2003: 29).

2.3 Kritik Sosial sajrone Reriptan Sastra lan Masyarakat

Swingewood (sajrone Faruk, 2010: 43), ngandharake perlune ngerteni tradhisi sastra minangka salah sawijine *mediasi* kanggo njembatani antarane sastra lan masyarakat, saengga ora mokal yen sajrone reriptan sastra iku tuwuh prakara-prakara sosial kang asipat pribadi utawa *universal*. Saliyane iku mau, uga ana kang awujud *informasi* lan ana kang awujud pangalembana, uga kritik.

Waluyo (1987: 167-177) ngandharake, samubarang kang mbedakake kritik sosial adhedhasar aspek kang dikritik. Kabeh mau bisa dibedakake dadi patang jinis, yaiku (1) kritik tumrap jagading pendhidhikan, (2) kritik tumrap samubarang kang ora adil, (3) kritik tumrap politik-ekonomi, lan (4) kritik tumrap *dekadensi* moral.

2.3.1 Konsep Panguwasa

Panguwasa ing masyarakat Jawa sajrone konsep kekuasaan luwih nengenake kepentingane kawula tinimbang kepentingane awake dhewe. Panguwasa utawa pemimpin sawijine nagara mesthi bakal ngupaya menehi lan nglakoni apa wae sing paling apik kanggo para kawulane saengga kawulane bisa urip ayem, tentrem, gemah ripah lohjinawe.

Konsep panguwasa sing dienggo lan diugemi dening masyarakat Jawa wiwit jaman biyen nganti saiki yaiku Astabrata. Hadiwidjana (1952: 46) ngandharake yen Astabrata iku mujudake wolung kaluwihan kang dipethik saka kitab Ramayana. Astabrata banget digatekake dening para leluhur masyarakat Jawa jalaran Astabrata dianggep minangka tata paugerane wong urip. Astabrata sajrone kitab *SarwaCastra* mujudake wejangane Ramawijaya marang Begawan Wibisana kanggo nglipur atine Wibisana sawise matine kakange yaiku Rahwana. Saliyane iku Astabrata uga dadi paugeran tumrap Wibisana sajrone nindakake kewajiban mimpin nagarane.

2.3.2 Konsep Kawula Cilik

Kawula utawa warga nagara mujudake sawijine perangan utama sajrone nagara. Tanpa anane kawula, nagara ora bakal bisa ngadeg. Saka akehe kawula ing sawijine nagara ana sing kalebu kawula elite lan ana sing kalebu kawula cilik. Kawula cilik utawa wong cilik sing

dikarepake yaiku masyarakat golongan ngisor, dudu panguwasa, dudu pejabat lan dudu wong sugih.

Geertz (1986: 4) ngandharake yen ing sektor ekonomi, masyarakat ing tanah Jawa pakaryane tani, pedagang cilik, buruh kasar, pakaryan kang cocog lan jumbuh karo kabisane lan tukang dandan-dandan kang makarya dhewe ora kolektif, sing pungkasan yaiku pegawe kantor sing cacah ora akeh. Yen dideleng saka pakaryane masyarakat Jawa, mula akeh kang kalebu wong cilik utawa kawula cilik. Pegawe kantor, guru lan pejabat utawa panguwasa sajrone pamrintahan kalebu kaum elite sosial lan intelektual, dadi pewaris tradhisi politik kang bisa maca lan nulis ing kelase bangsawan lan dilairake kanggo mrintah lan kinurmatan.

2.4 Cerkak sajrone Kasusastran Jawa Modern

Crita cekak mujudake salah sijine genre sastra Jawa moderen kang awujud prosa. Mula bukane cerkak miturut Hutomo (1975: 38) yaiku sawetara taun 1933 ana salahsijine kalawarti anyar kang macak crita cekak. Kalawarti kasebut dibangun dening Imam Supardi kanthi irah-irahan *Panjebar Semangat* (tetbit sing wiwitan tanggal 2 September 1933). Rubrik cerkak ing kalawarti *Panjebar Semangat* diarani *Lelakon*. Tetembungan *Lelakon* mung nganti *Panjebar Semangat* tanggal 9 Nopember 1935 yaiku ing cerkak kanthi irah-irahan *Netepi Kewajiban* anggitane Sambo.

Saini lan Sumardjo (1988: 30) ngandharake yen cerkak isih diperang maneh dadi telung jinis, yaiku crita sing cekak (*short story*), crita cekak sing dawa (*long short story*), lan crita cekak sing cekak (*short-short story*). Cerkak-cerkak kang diperang iku lumrahe cerkak sajrone kasusastran Indhonesia. Saliyane cerkak ing kasusastran Indhonesia, cerkak ing kasusastran Jawa uga bisa diperang miturut telung jinis mau. Tuladhane crita cekak ing rampadan cerkak GGKG kalebu jinie crita sing cekak utawa *short story* amerga crita cekak kang ana sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* dawane sedhengan, ora cekak banget lan ora dawa banget. Saka sekabehane pamawas mau bisa dingerteni yen cerkak nduweni teges prosa fiksi abasa Jawa sing wujud cekak, padhet, lan ngandhut tema-tema tartamtu.

2.5 Sosiologi

Sosiologi asale saka tembung sosio (Yunani) yaiku *socius* kang tegese bebarengan, nyawiji lan logi yaiku *logos* kang tegese omongan, pepindhan. Sosiologi iku tegese ilmu ngenani asal mula bukane lan pangrembakane bebrayan, kawruh kang nyinaoni ngenani sesambungan antarane manungsa sajrone masyarakat ing bebrayan kang asipat umum lan nyata (Ratna, 2010:1). Sosiologi yaiku andharan ngenani manungsa sajrone masyarakat, ngenani *fenomena* sosial lan uga ngenani proses sosial.

Soekanto (1982:15) uga ngandharake sosiologi kalebu ngelmu sosial sing objeke yaiku bebrayan. Swingewood (sajrone Yasa, 2012:21) njlentrehake sosiologi minangka pamarekan ilmiah sing nengenake analisis kanthi objektif ngenani manungsa sajrone bebrayan, ngenani lembaga bebrayan lan proses-proses sosial.

2.6 Sosiologi Sastra

Sastra mujudake lembaga sosial kang nggunakake basa minangka sarana, basa iku mujudake asil pangriptane sajrone panguripan sosial (Damono, 1978:1). Kanggo ngerteni lan njlentrehake panguripan sosial, fenomena sosial sajrone urip bebrayane masyarakat dibutuhake ilmu sosiologi. Mula saka iku sastra lan sosiologi ora bisa dipisah jalaran nduweni sesambungan kang tansah nyengkuyung. Endraswara (2008:77) ngandharake sosiologi sastra yaiku cabang panliten babagan sastra kang reflektif. Tintingan iki akeh digunakake sajrone panliten kang kepengin mawas sastra minangka kaca benggala panguripan ing masyarakat.

Sosiologi sastra dianggep lair ing abad 19 kanthi ditengeri anane tulisan Madame de Stael kang irah-irahane: *De la Littérature Considérée Dans Ses Rapports Avec Les Institutions Sociales* (1800). Kawruh iki saya ngrembaka bebarengan karo mundure panliten kang migunakake teori strukturalisme (Ratna, 2011:331-332).

Ian Watt (sajrone Damono, 1978:3) uga ngandharake menawa sosiologi sastra iku kaperang dadi telu, yaiku: (1) konteks sosial pangripta, kang ditliti yaiku status sosial pangripta, babagan sosial yaiku pakaryane pangripta, lan masyarakat kang ditunjuk pangripta, (2) sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang ditliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat, (3) fungsi sosial sastra, kang ditliti yaiku gegayutan antarane nilai-nilai sosial utawa nilai-nilai sosial kang nduweni daya pangaribawa tumrap reriptan sastra.

2.7 Sastra lan Bebrayane Masyarakat

Saliyane sastra gegayutan karo sosiologi, kadhang kala sastra uga gegayutan karo bebrayane masyarakat. Laras karo panemune De Bonald kaya kang kaandharake (sajrone Wellek, 1995: 110) yen sastra minangka ungkapan rasa pangrasane masyarakat (*Literature is an Expression of Society*). Saka penemune Bonald kang dikutip dening Wellek bisa ditegesi sejatine sastra mujudake kaca benggala lan nggambarake panguripane manungsa. Sajrone nulis reriptan sastra, pengarang ora bisa nulis tanpa ngespresikake pengalaman lan panemune ngenani panguripan kang sabenero. Ora bener yen pangripta ngandharake kabeh kawruhe ngenani panguripan uripe manungsa, utawa panguripan ing mangsa tartamtu kanthi nyata lan utuh. Mula ana kang diarani daya imajinasine pengarang sajrone nulis reriptan sastra supaya reriptan sastra iku dadi endah.

Hutomo (1993: 243) ngandharake yen sastra aneng ngendi wae, lan kapan wae ora bakal uwal saka alam sakupenge masyarakat lan sastra uga digunakake kanggo maksud-maksud tartamtu. Mula saka iku pengarang sajrone nulis reriptan sastra mesthi oleh daya pangaribawa saka alam sakupenge pengarang. Apa kang dialami lan disawang dening pengarang banjur ditliti, diolah lan dikumpulake gumantung imajinasine pengarang saengga dadi kasunyatan anyar kang beda karo kasuyatan asline. Kabeh mau kang diarani proses kreatif pengarang.

2.8 Puitika Simbolik sajrone Reriptan Sastra

Reriptan sastra nduweni fungsi seni. Dene fungsi seni sastra yaiku *dulce et utile* (nyenengake lan

migunani), mula sajrone maca karya sastra kang apik, pamaos bakal mikoleh kabungahan lan piguna saka karya sastra iku, kang arupa kaendahan lan pengalaman jiwa kang nduweni nilai dhuwur kanthi cara langsung lan ora langsung, tuladhane lumantar para penafsir (Pradopo, 2003: 2-3). Mula saka iku para pamaca dikarepake bisa ngerteni sekabehane samubarang kang ana sajrone sastra minangka upaya kanggo ngerteni fungsi sastra kasebut. Kabeh iku bisa lumantar sistem tandha utawa simbol-simbol kang ana sajrone karya sastra kang asipat simbolis lan kebak ing *puitika simbolis*.

Simbol utawa pratandha luwih apik ditrepake minangka objek kang nuju marang objek liyane, nanging uga tetep aweh wigati marang objek asline minangka wujud. Upamane pangripta nggunakake pralambang jagad saliyan jagade bebrayan masyarakat kanggo nggambarake jagad bebrayan kang sanyatane. Panemu liyane ngandharake yen simbolisme mujudake sawijine upaya kang ditindakake kanthi sengaja, direncanakake lan dipikir-pikir kanggo nerjemahake konsep-konsep saengga dadi istilah-istilah kang ilustratif, indrawi, lan didaktis. Simbol ngasilake sawijine aliran sastra kang sinebut aliran simbolisme. Simbolisme mujudake studi sastra kang ngagumake tumrap gerakan kususastran lan pangaribawane tumrap liyane (Wellek, 1995: 239-240).

2.9 Prinsip-Prinsip Struktural sajrone Reriptan Sastra

Prinsip struktural ora bisa ditinggalake yen arep nganalisis sawijining reriptan sastra. Teeuw (1984:135) ngandharake yen analisis struktural ditujokake kanggo nitingi reriptan sastra kanthi detail, tliti, lan premati, saengga bisa ngerteni makna reriptan sastra kanthi sawutuhe. Saben karya sastra mbutuhake sawijine metode analisis kang selaras klawan sipat lan struktur.

Unsur-unsur pambangune reiptan sastra kang fiksi bisa diperang dadi loro, yaiku struktur njaba (ekstrinsik) lan struktur njero (intrinsik). Sing dikarepake struktur njaba yaiku struktur apa wae sing ana ing sanjabane reiptan sastra, tuladhane faktor sosial, ekonomi, kabudayan, sosial, politik, agama, lan adhat sing diugemi dening masyarakat.

2.10 Prinsip-Prinsip Semiotik sajrone Reriptan Sastra

Semiotika utawa semiologi kalorone asale saka basa Yunani yaiku semion sing tegese tandha, mula kalorone uga nduweni teges sing padha yaiku kawruh ngenani tandha (Santosa, 1990: 2).

Budiman (1999: 108) ngandharake sing dadi dhasare *semiotik* yaiku konsep kang ngrembug tandha ora mung basa lan sistem komunikasi sing kasusun saka tandha-tandha, nanging jagad kuwi dhewe, amerga gegayutan karo pikiran-pikiran manungsa ngenani tandha-tandha. Manungsa anggane bisa ngerteni siji lan sijine nganggo basa, mula kuwi basa minangka piranti kanggo ngerteni kekarupane wong siji lan sijine.

Basa mujudake piranti sing ngandhut tandha-tandha, mula kususastran kuwi mujudake *sinsem simbolik* utawa pratandha. Analisis sastra kanthi *semiotik* yaiku upaya kanggo nganalisis kususastran minangka sawijine sistem tandha lan nemtokake konvensi apa wau kang njalari kususastran mau nduweni teges (Budiman, 1999: 123). Mula saka iku, *semiotik* digunakake kanggo

ninthingi teges-tegese tembung miturut paugeran utawa *konvensi* kang wis ana.

2.11 Landhesane Teori

Penganggone teori minangka landhesan kanggo nganalisis salah sawijining prekara ora bisa ditinggalake amarga teori iku kang bakal dadi ancer-ancer sajrone panliten kang arep ditindakake. Teori sing bakal digunakake kanggo nintingi panliten sing arep kaleksanan yaiku Sosiologi sastra.

Kanggo ngaalisis underane panliten ngenani wujud kritikus sosial, gegambarane kritikus sosial kalawan kanyatan ing masyarakat, lan nilai-nilai sosial sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* nggunakake teori sosiologi sastra kang diandharake dening Ian Watt. Ian Watt (sajrone Damono, 1978:3) ngandharake menawa sosiologi sastra iku kaperang dadi telu, yaiku: (1) konteks sosial pangripta, kang diteliti yaiku status sosial pangripta, babagan sosial yaiku pakaryane pangripta, lan masyarakat kang ditunjuk pangripta, (2) sastra minangka kaca benggala kanggo masyarakat, kang diteliti yaiku sepira adohe sastra njlentrehake urip kang ana ing masyarakat, (3) fungsi sosial sastra, kang diteliti yaiku gegayutan antarane nilai-nilai sosial utawa nilai-nilai sosial kang nduweni daya pangaribawa tumrap karya sastra.

METODHE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Panliten iki kalebu panliten sastra kang asipat *kualitatif*. Panliten kang adhedhasar marang kasunyatan kanthi nggunakake basa kanggo ngrampungake prakara kang katiti lan ora merlokake itung-itungan utawa rumus statistik (Arikunto, 2006:12). Panliten iki kalebu jinis *kualitatif* jalaran sajrone panliten iki arupa dhata-dhata dheskriptif saka sumber dhata panliten yaiku cerkak cacah sepuluh sajrone rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete.

Sajrone paliten iki bakal nggunanake tintingan sosiologi sastra lan metodhe kualitatif dheskriptif. Kajaba saka iku, sajrone tintingan kasebut, kang bakal digunakake yaiku teorine Ian Watt kaping loro yaiku menawa sastra mujudake kaca benggala kanggo urip bebrayane masyarakat. Kanthi tintingan sosiologi sastra lan metodhe kualitatif dikarepake bisa bakal aweh pambiyantu tumrap panulis sajroning proses nglumpukake lan nganalisis dhata kang cundhuk karo prakara kang diajokake sajrone panliten iki.

3.2 Sumber Dhata lan Dhatane Panliten

Sumber dhata lan dhata mujudake salah sawijiine perangan kang wigati banget sajrone panliten. Tanpa anane sumber dhata lan dhata mokal bisa nindakake panliten. Mula saka iku, ing ing kene bakal diandharake sumber dhata lan dhata panliten kang gegayutan karo prakara sajrone panliten.

3.2.1 Sumber Dhata

Laras kalawan ruwang lingkup sajrone panliten kang wis diandharake sajrone panliten iki, sumber dhata ing panliten iki kaperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sekunder. Dhata primer yaiku dhata baku kang dadi sumber analisis lan diproses kanthi cara langsung kang diklumpukake ing rampadan cerkak GGKG anggitane Djajus Pete kang diterbitake dening Gus Ris

Foundation Bojonegoro taun 2012. Dene cacah cerkak kang bakal diteliti yaiku ana sepuluh (10) cerkak kang isine ngenani Kritik Sosial.

Sumber dhata sekundher yaiku sumber dhata ora langsung utawa dhata *komplementer* kanggo nyengkuyung dhata primer. Dhata sekundher ing panliten iki yaiku dhata kang dijupuk saka bebrayane masyarakat kayata medhia sosial, koran utawa kalawarti kang gegayutan karo sumber dhata primer. Tegese gegayutan yaiku ngandhut kritikus sosial lan laras karo prakara sajrone panliten.

3.2.2 Dhata

Dhata minangka objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku frase, tembung, ukara lan wacana kang gegayutan karo underane panliten ing rampadan cerkak GGKG. Sing sepisan yaiku dhata kang gegayutan karo underane panliten yaiku cathetan, tembung, frasa lan ukara kang ngandhut kritikus sosial sajrone rampadan cerkak GGKG. Kapindho yaiku dhata kang gegayutan karo gegambarane kritikus sosial kalawan kadadeyan kang ntaya ing masyarakat sajrone rampadan cerkak GGKG. Sing kaping telu yaiku dhata kang gegayutan karo nilai-nilai sosial sajrone rampadan cerkak GGKG kang minangka asile analisis kekarone.

3.3 Instrumen Panliten

Instrumen ing panliten iki yaiku panliti. Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata lan nulis panliten iki. Mula saka iku, panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kualitatif. Moleong (2002:19) ngandharake yen panliti sajrone nglumpukake data luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake data. Panliti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang.

3.4 Metodhe lan Teknik Panglumpuke Dhata

Sajrone panliten, tata cara nglumpukake dhata ora bisa dilirwakake amarga dhata minangka samubarang kang wigati banget sajrone panliten. Teknik nglumpukake dhata sajrone panliten bisa nggunakake studi pustaka, yaiku cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka sarta dhokumen liya (Ratna, 2010:39). Panliten iki nggunakake studi pustaka kanthi nggunakake sistem sandhi utawa tandha. Kanthi weneh tandha marang ukara lan tetembungan kang ana gegayutane karo panliten iki. Tandha kasebut bisa wae garis utawa cathetan.

Tata cara sing nggunakake kanggo nglumpukake data dening Endraswara (2008:162-163), diperang dadi telu yaiku :

a. Nemtokake Unit Analisis

Sadurunge ngudal isi crita sajrone rampadan cerkak GGKG luwih dhisik nemtokake prekara kang arep dianalisis, prekara kasebut babagan kritikus sosial. Panliten iki nemtokake telung prekara kang wigati, yaiku kritikus sosial sajrone rampadan cerkak GGKG, gegambarane kritikus sosial kalawan kadadeyan kang nyata ing medhia sosial, lan nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG.

b. Nemtokake Dhata

Sawise nemtokake unit analisis, banjur maca

cerkak kasebut kanthi mepeng. Sawise iku ngudal rampadan cerkak kanthi watesan prakara-prakara kang wis ditemtokake.

c. Nyathet Dhata

Panliten sastra mligine sastra tulis, dhata sing arep diteliti arupa dhata-dhata lan perlu anane cathetan-cathetan. Sajrone nyathet dhata, ana saperangan pituduh sing kudu digatekake yaiku : (a) latihan lan persiyapan kang bener saengga bisa nyathet kanthi bener, (b) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, lan (c) nyathet tetembungan kang ora dingerteni.

3.5 Metodhe lan Teknik Pangolahe Dhata

Sawise dhata primer dikumpulake, sabanjure dhata kudu dianalisis. Metodhe kang digunakake nganalisis utawa ngolah dhata arupa samubarang kang ngandhut kritik sosial sajrone rampadan cerkak GGKG anggitané Djajus Pete yaiku nggunakake metodhe hermeneutik. Metodhe hermeneutik didhasarake marang kosep mimetik kang diandharake dening Abrams. Anggone nganalisis dhata panliten kanthi cara nafsirake sekabehane dhata kang gegayutan karo underane panliten. Tegese nafsirake yaiku ngandharake wujud kritik sosial kang ana sajrone dhata panliten.

Tata cara nganalisis dhata bisa ditindakake kanthi langkah-langkah kaya ngisor iki :

- 1) Maca dhata sing awujud rampadan cerkak GGKG, bisa ditindakake kanthi maca dhata mau bola-bali.
- 2) Nyathet prakara-prakara sosial sajrone sumber dhata sing bakal digunakake ing panliten.
- 3) Ngandharake dhata gegayutan karo underane panliten, yaiku underane kritik sosial sajrone rampadan cerkak GGKG.
- 4) Njlentrehake gegambarane kritik sosial kalawan kadadeyan kang nyata sajrone medhia sosial sajrone rampadan cerkak GGKG.
- 5) Ngandharake nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG.
- 6) Ngandharake asile panliten kanthi luwih cetha adhedhasar underane panliten lan ancasa panliten.

Saka kegiatan ngolah dhata kanthi metode lan teknik kang selaras karo prakara sajrone panliten, banjur ditafsirake kanthi nggunakake metodhe hermeneutik kanggo nggampangake anggone nganalisis dhata. Saliyane iku uga diolehi asile analisis kang sampurna.

3.6 Tata Cara Panyuguhe Asile Panliten

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-giri*. Andharan mau awujud dhiskripsi ngenani underane pznliten yaiku kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG anggitané Djajus Pete, banjur ngandharake gegambarane kritik sosial kalawan kadadeyan kang nyata sajrone bebrayane masyarakat. Pungkasane yaiku analisis iki ngandharake nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka limang bab yaiku 1) PURWAKA; 2) TINTINGAN KAPUSTAKAN; 3) METODHE PANLITEN; 4) ANDHARAN PANLITEN lan 5) PANUTUP sing isine dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Andharan asile panliten iki bakal diandharake nggunakake metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif bisa ditegesi minangka urutan kanggo ngrampungake prakara sajrone panliten kanthi cara nggambarake obyek panliten. Mula saka iku, andharan sajrone panliten iki nyoba ngandharake kritik sosial sing mujudake tema sajrone rampadan cerkak GGKG anggitané Djajus Pete lan nggayutake kritik sosial kalawan kadadeyan kang nyata sajrone urip bebrayane masyarakat. Kajaba saka iku, panliten iki uga bakal ngandharake nilai-nilai sosial sing mujudake amanat sajrone rampadan cerkak GGKG.

4.1 Kritik Sosial sajrone Rampadan Cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri*

Kritik sosial mujudake pambiji apik lan orane, bener lan salahe, nguntungake utawa ngrugekake sawijine kadadeyan utawa kahanan tumrap kepentingan masyarakat. Kritik sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG (*Gara-Gara Kagiri-Giri*) yaiku nggambarake kahanane pamrintahan, kekuwatan lan kahanane kawula cilik kang tansaya nelangsa sarta nggambarake cecongkrahane sajrone balewisma. Dene perangané kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak yaiku : panguwasa sing gumedhe lan mung apik ing tata laire, panguwasa sing srakah lan tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane, panguwasa sing korupsi lan senang ngumbar janji, kahanan pamrintahan sing awut-awutan, kahanane kawula cilik sing tansah katindhès, cecongkrahane sajrone kulawarga, rajapati.

4.1.1 Kritik Tumrap Panguwasa sing Gumedhe lan Mung Apik Tata Laire

Panguwasa iku mujudake pawongan kang nduweni kuwasa lan nduweni tugas ngatur andhahane utawa pawongan kang drajate luwih endhek. Panguwasa kudune bisa menèhi patuladhan sing apik marang kabèh andhahane lan uga marang kawulane. Panguwasa bisa nglakoni apa wae amerga nduweni kekuwatan miturut kapenginane.

Panguwasa sing kaya mengkono iku nuduhake yen panguwasa ora bisa ngugemi *Astabaratané* dadi panguwasa. Panguwasa kudu nduweni watake Srengenge yaiku paring *motivasi* lan *semangat* marang kawulane, watake bulan yaiku bisa aweh pepadhang marang kawulane kang nandhang kasengsaran, watake lintang yaiku bisa dadi panuduh tumrap kawulane kang bingung, watake angin yaiku bisa aweh katentreman pindhane angin seger, watake geni yaiku nduweni sipat teges lan ora pilih kasih, watake mendhung yaiku nduweni wibawa lan tumindak jujur marang kawulane, watake samodra yaiku nduweni watak sabar lan bisa nampung panemune rakyaté, sipate bumi yaiku kukuh lan ora gampang dipangaribawani wong liya (Wiyasa, 1997: 109-110).

Astabrata sing kudune diduweni dening para panguwasa wis akeh sing ora ngugemi. Mula saka iku, ora mokal yen akeh panguwasa kang mung apik ing tata laire wae. Sajrone cerkak *Grontol* ngandharake watake panguwasa kang mung apik ing tata laire, nanging ora sumbut karo jeroane utawa atine. Panguwasa kang mung apik ing tata laire bisa kadheleng saka pethikan cerkak *Grontol* ing ngisor iki,

“Ing ndesa rak mung dibuntel godhong. Ing Jakarta diwadhahi porsiporselin.”

“Ya. Mung seje Bungkuse.”

“Ning bungkus iku penting Mas. Iki kelemahane bangsane dhewe, bab enggone durung bisa gawe bungkus sing apik. Sing ana ing ndesa, bungkuse trima godhong. Sing ana ing kutha gedhe, yen nggawe bungkus ya ngene iki, grontol wae diwadhahi porsiporselin, ora sembada karo isine. Uga yen gawe bungkus liyane. Bungkus pentas seni, bungkus program budhaya, politik, organisasi utawa acara-acara liyane. Bungkuse diapik-apiki nganti gemerlap, terlalumewah, glamour, ning isine ora ana,” Semambung Hartono ngandhakake akeh prakara sing mung gumebyar ing tata laire” (Pete, 2012: 8)

Saka pethikan kasebut diandharake yen ing ndesa, grontol yaiku panganan sing digawe saka jagung digodhog banjur diwenahi parutan klapa lan uyah dibungkus godhong gedhang nanging neng kutha grontol dibungkus porselin. Kamangka wujude padha grontole, nanging rasane durung mesthi padha enake. Malah luwih enak sing ing ndesa dibungkus godhong gedhang. Kabeh mau nuduhake panguwasa sing mung gumebyar ing tata laire, nanging sejatine isine padha wae. Program-program kang ditata dening panguwasa uga mung gumebyar ing tata laire wae, nanging ora sumbut karo kasunyatan lan isine.

Panguwasa kang mung apik ing tata laire tansaya nyengsarake masyarakate. Kanggo nggayuh apa kang dipengini, panguwasa kang kaya mengkono iku nggunakake maneka warna cara ora nyawang yen carane mau bisa nyusahake masyarakate. Bakune dheweke seneng lan kasil apa kang dikarepake.

4.1.2 Kritik Tumrap Panguwasa sing Srakah lan Tumindak Sawiyah-wiyah marang Kawulane.

Panguwasa kudune tansah nengenake ing kepentingan kawula lan masyarakate katimbang kepentingan pribadine. Panguwasa nduweni tanggungjawab sing gedhe marang kawulane. Tanggungjawab mau kudu tansah diugemi lan ora kena diblenjani. Panguwasa yen wing mblenjani tanggungjawab bisa dipesthekake yen pamrintahane bakal rusak, kawulane tansaya nelangsa uripe.

Panguwasa sing apik lan bisa dituladhahani yaiku panguwasa kang tansah pedhuli marang kahanane rakyate, ora srakah lan ora tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane. Kajaba saka iku, kawula sing nandhang kasengsaran lan kamlaratan kuwi mujudake tanggungjawab panguwasa. Paugeran sing kaya mengkono mau wis diatur ing UUD’45 yen kabeh kawula mlarat kuwi mujudake tanggungjawab negare. Mula saka iku, panguwasa kudu bisa ngayomi para kawulane sing tansah nandhang kamlaratan lan kasengsaran. Pamrintah uga ora kena srakah lan tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane kanggo nggayuh kepentingan pribadine.

Tumindak panguwasa sing kaya mengkono mau ora patut dituladhahani. Panguwasa sing wis

dipercaya dening para kawulane kanggo nata tata pamrintahan nanging malah tumindak kang ora samesthine. Pamrintah sing ngayomi para kawula cilik supaya ngrasa aman nanging amerga tumindak kang sawiyah-wiyah marang kawulane malah ndadekake nelangsane kawulane. Panguwasa kang nduweni sipat kaya srakah lan tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane bisa kadeleng sajrone cerkak *Kukuh*. Sajrone cerkak iki ngandharake sawijine panguwasa kang tumindak sakarepe dhewe kanggo nggayuh kang dikepenginake. Dene pethikak cerkak *Kukuh* kang ngandhut sipate panguwasa kang srakah lan tumindak sawiyah-wiyah yaiku,

“Wit iki kliwatan apa njarag dicoloti?”

“Takona nyang pemboronge,”
wangsulane Abu Bakri ipit-ipit mbakar sate.”

“Ngene iki gak apik sawangane,”

“Iho! Pengijoran kok gak apik. Kowe kuwi pejabat, tembungmu kok kuwalik. Sing bener, ah, yen ngomong. Apa apik yen panas enthak-enthak kaya lor kae?”

“Ngene iki sing dirasani ala wong kecamatan. Dikira wong kecamatan sing pilih kasih. Kabeh ditegor kok sing iki ora, bisa dimerekake kiwa-tengen,” semambung Mansur klepat nglungami, mancal sepedha motore, ngethithir ngidul. Atine cekot-cekot dipancal rembug Abu Bakri tilas kancane sekolah ing SMA lulus taun 1970.” (Pete, 2012: 15-16)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Mansur minangka pralambange panguwasa nduweni watek srakah jalaran arep negor wit sanakembang sing ana ing ngarepe omahe Abu Bakri. Wis sanakembang mau mujudake asil pengijoran sing wis pirang-pirang tau dirumat dening Abu Bakri, nanging arep ditebang dening Mansur minangka Ketua Pol PP. Watek srakah lan tumindak sawiyah-wiyah Mansur dibuktekake yen dheweke nggunakake kekuasaane kanggo nebang wit sanakembang, kamangka wit mau sengaja dilewati dening pemboronge. Wit sanakembang mau mujudake pengijoran nanging tetep arep ditebang dening Mansur, kuwi nuduhake yen Mansur pralambange panguwasa lkang srakah.

4.1.3 Kritik Tumrap Panguwasa sing Korupsi lan Seneng Ngumbar janji

Korupsi kolusi lan nepotisme kang diarani KKN mujudake prakara sosial kang wis lumrah kadadeyan ing satengahé masyarakat, wiwit saka masyarakat cilik nganti para panguwasa. Korupsi kang ditindakake dening kawula utawa masyarakat cilik ora sepira yen dibandhingake karo korupsine para panguwasa. Lumrahe korupsi ditindakake dening para panguwasa kang nduweni kekuasaan lan jumlah sing dikorupsi ora sethithik. Para panguwasa kang korupsi dhuwite negare lumrahe ora sadhar yen tumindak kuwi bisa ngrugekake negare. Ora mung winates kuwi, sejatine korupsi uga bakal ngrusak uripe wong sing korupsi lan kulawargane.

Prakara korupsi bisa kadadeyan ing sektor apa wae sajrone pamrintahan. Wiwit saka sektor paling ngisor nganti sektor paling dhuwur. Korupsi bisa kadadeyaning pamrintahan tataran ngisor nganti pamrintah tataran

dhuwur. Mula saka kuwi, prakara korupsi iki mujudake prakara kang kangel dirampungake. Prakara korupsi uga diandharake ing sawijine reiptan sastra awujud cerkak kanthi irah-irahan *Kukuh*. Sajrone cerkak iku ngandharake babagan korupsi para panguwasa kang pungkasan ndadekake nelangsane kawula cilik. Perangan cerkak sing ngandharake panguwasa sing korupsi bisa dideleng ing pethikan iki,

“Nanging nganti Camat Riyadi pindhah saka kedungadem, pematuan air ora ana wujud. Ora tau ana watu, pasir, semen lan kawur sing teka kanggo keperluan iku. Mula Abu Bakri ngomong sauni-unine marang Mansur, “Gampang yen mung nebangi wit. Nganti gundhul dadi dhuwit.”

“Dhuwite embuh, aku ora ngerti.”

“Rak kowe sing dadi ketua panitiane.”

“Ya. Ning aku ora weruh rupane dhuwite. Sumber nggelap ora weruh, nganti wonge minggat.” (Pete, 2012: 21)

Pethikan cerkak mau nuduhake gegambarane panguwasa sing korupsi. Camat Riadi mujudake pralambange panguwasa kang korupsi. Sawise wektu jabatane entek banjur ninggal desa Kedungadem ngono wae tanpa tilas. Program-program sing disusun nalikane Camat Riadi dadi camat ing desa Kedungadem ora ana wujud. Dhuwit asile nebang pengijon ya ora ana wujud. Dhuwite dikorupsi banjur nalika wektu jabatane entek ditinggal tanpa ana tilase. Mansur minangka andhahane Camat Riadi ora ngerteni dhuwit asile nebang pengijon parane menyang ngendi.

Panguwasa kaya Camat Riadi sing mangan dhuwite negara ing cerkak *Kukuh* iku pancen nyengsarake kawula cilik. Prakara sing kaya mengkono iku kudune bisa dirampung ing dening pihak panagak ukum kayata pulisi. Korupsi yen diumbar bakal tansaya ndadi lan ndadekake masyarakat cilik tansaya rekasa lan nandhang kasengsaran.

4.1.4 Kritik Tumrap Kahanane Pamrintahan sing Awut-Awutan

Pamrintahan iku wajib ana sajrone sawijine negara. Pamrintahan yaiku tata aturan sing nduweni tujuwan kanggo nata negara lan nata kawula utawa masyarakat. kanthi anane pemerintahan diajab bisa makmurake negara lan kawulane. Sajrone sistem pemerintahan kuwi ana urutan wiwit tataran kang paling dhuwur yaiku presidhen nganti tataran kang paling ngisor yaiku Rukun Tetangga (RT).

Ora kabeh pamrintahan sajrone negara kuwi tansah mlaku runtut lan tanpa alangan. Kadhang kala sajrone pamrintahan kuwi mesthi ana prakara-prakara sing njalari ruwete tata pemerintahan. Panguwasa sing tansah ngumbar hawa napsune, kawula sing tansah mbrontak marang panguwasane, tumindake panguwasa sing sawiyah-wiyah marang kawulane, ora anane pamong utawa sing dianggep tuwa lan ngerti ing babagan pemerintahan. Kabeh mau bisa njalari tata pemerintahan sawijine negara dadi awut-awutan lan ora lumaku kanthi lancar.

Sajrone cerkak kanthi irah-irahan *Gara-Gara Kagiri-Giri* (GGKK) uga ngandharake kahanane pamrintah sing

awut-awutan. Sajrone cerkak mau diandharake kepriye kahanane negara kang awut-awutan amarga para panguwasane padha ngumbar hawa napsune lan ora manut ing paugeran. Andharan mau bisa dideleng ing pethikan iki,

“Bacuting crita, kacritakake, horeging bumi awit saka akehe negara kang bengkah kobong dening kobaring geni kamurkan. Akeh pandhita kang wis ilang rehing rasa panembahe. Akeh guru kang wis bengkong, ora kena kanggo patuladhan. Para sentana lan para narapraja padha anggung anggone angambar hawa. Durjana lan laku culika ngaji mumpung. Budi candhala menang petung. Judhi ngabotohan anjrah ing sadehengah papan, antuk pangayoman.

“*Bumi kobong abang malerah*”

“*Bengkah*”

“Pager-pagering kasusilan, kautaman lan pranatan katut kobong. Kari sisa-sisane pating crongat, mureng, isih ngebulake asepi ireng kumendheng. Akeh kawula lan para amongtani kang padha kekes atine. Midak wawa-wawa panas. Pating njlerit ngeres-eresi.” (Pete, 2012: 53)

Pethikan cerkak kasebut ngandharake kahanane sawijine negara sajrone pagelaran wayang kulit. Negara kang awut-awutan “bengkah kobong dening kobaring kamurkan” minangka pralambang yen kahanane tata pemerintahane sawijine negara awut-awutan, ruwet lan rusak. Rusake sawijine negara jalaran para sesepuh utawa wong kang dianggep tuwa lan ngerti ing bebener lan tata pemerintahane negara padha ilang rasa manembahe marang Gusti kang Maha Kuwasa. Akeh para guru utawa wong sing ngelmune dhuwur padha bengkong lan ora kena digawe patuladhan. Para sentana lan panguwasa-panguwasa padha tumindak sawiyah-wiyah. Tumindak ala kayata judhi, main tansaya ngrembaka lan oleh pangayoman.

4.1.5 Kritik Tumrap Kahanane Kawula Cilik sing Tansah Katindhes.

Kawula cilik sing tansah katindhes dening para panguwasa amarga tumindake panguwasa sing sawiyah-wiyah wis lumrah ditemokake ing saben dinane lan ora bab kang anyar maneh. Bab sing njalari kawula cilik saya nelangsa amarga tumindake para panguwasa kang ora adil, panguwasa sing senenge ngapusi kawulane kanggo kepentingan pribadine. Saliyane iku, kawula cilik panceen wis dianggep lumrah yen tansah katindhes jalaran ora nduweni kuwasa apaa-apa lan manut marang panguwasane.

Kawula cilik sing tansah katindhes uga diandharake sajrone cerkak kang irah-irahane *Grontol*. Sajrone cerkak mau diandharake kepriye kahanane kawula cilik sing dadi korban panguwasa kang mung apik ing tata laire wae, nanging tumindake sawiyah-wiyah marang kawulane. Panguwasa kuwi ora nduweni welas marang kawula cilik. Andharan mau bisa kadheleng ing pethikan cerkak kang irah-irahane *Grontol* iki,

“ BANGONE kanthi cagak pring, payone saka kepang gapit, ana meja cilik

kanggo dhasar. Saka sik lawase, bangone katon dhoyong lan payone nggregregi. Dening camat anyar, bangone mbah Yem disingkirake jalarann dianggep ngrusuhi sesawangan.”

“Aku dikon ngalih ra pa-pa, Ru. Gela ya ora wong pancen dudu lemahku. Malah olehku manggon ing kono ya saka karepe kaji Mansur, sing nduwe lemah, nalika kantor camatan durung dielih mrono.”

“Lajeng, sadeyan teng pundi?”

“Ya dodol maneh nyang pasar kaya biyen, Ru. Mlaku satitahe karo ider turut ratan.”

“Dodolan menyang pasar kudu mlaku watara telung kilometer lan ditarik sapon Rp. 100,- mangka bathi Rp. 1.250,- iku isih dielong kanggo nggawakake jajan putune. Ora ana wong lanang sing rerewanggolekbutuh jalaran mbah Yem sing wis umur 60 taun iki kari urip ijen karo ngrumat putune siji.” (Pete, 2012: 9-10)

Pethikan cerkak kasebut diandharake yen mbah Yem mujudake pralambange kawula cilik sing tansah katindhes dening panguwasa. Camat anyar sing mujudake pralambange panguwasa kudune bisa aweh pangayoman marang mbah Yem sing minangka kawulane. Panggonan dodolane mbah Yem sing wis ora patut kudune oleh bantuwan saka pamrintah kanggo modhal dagangan. Nyatane kosok baline, Camat anyar malah nyingkirake utawa nggusur panggonan dodolane mbah Yem lan ora menahi panggonan kang patut. Alesane Camat anyar sepele banget yaiku panggonan dodolane mbah Yem dianggep ngrusuhi sesawangan. Mbah Yem mung manut wae marang printahe Camat anyar. Dheweke dikongkon ngalih ya ngalih pancen panggonan dodolane mbah Yem dudu lemahe dhewe.

Mbah Yem sing ditundhung Camat anyar mung sabar nrima, jalaran mbah Yem ora nduweni kuwasa apa-apa. Mbah Yem sing wiwitane dodolan kepenak nduwe bango dhewe, saiki kudu balik dodolan neng pasar amerga ditundhung lan bangone disingkirake dening Camat anyar sing tumindake sawiyah-wiyah. Tumindake Camat anyar nyingkirake papan bangone mbah Yem pancen wis dadi aturan pamrintah kanggo nata desa, nanging ora kaya mengkono carane. Mbah Yem ditundhung ngono wae tanpa diwenahi panggonan dodolan sing luwih apik lan tanpa disangoni dening Camat anyar.

4.1.6 Kritik Tumrap Cecongkrahane Sajrone Kulawarga

Cecongkrahane sajrone kulawarga wis lumrah kadadeyan ing satengahe masyarakat. Prakara pegatan, kekerasan sajrone kulawarga, tumindak sedheng, ora tanggungjawab karo kulawargane wis ora dadi prakara anyar maneh ing jagade balewisma. Mula saka iku, ora kaget yen kadhang kala ditemokake sawijine prakara-prakara kang ndadekake congkrahe hubungan sajrone kulawarga.

Sajrone cerkak kanthi irah-irahan *Bapak* nyritakake cecongkrahane bojo lanang lan bojo wadon nganti bojo wadon gething banget marang bojo lanang. Gethinge bojo wadon marang bojo lanang mesthi ana sing dadi

jalrane. Jalarane yaiku bojo lanang ora nduweni tanggung jawab marang kulawargane, seneng tumindak sedheng lan tansah tumindak kasar marang kulawargane. Andharan ngenani cecongkrahane sajrone kulawarga kang ana sajrone cerkak *Bapak* bisa dideleng ing pethikan iki,

“Fotone bapak sing mentas diweruhi kaya ngudal-ngudal gela singite simbok nalika dadi bojone bapak. “Aku ngetutke bojo, sing tattutke ra neng omah. mBlayang terus butuhe dhewe. Anak bojo gak dipikir blas. Nek bengi aku ya wedi Ti, wong omah mencil pinggir kali. Aku terus mulih neng Nglencong,” tembungge ditujokake sisihanku, mantune “Wong Pojok kuwi ya ngetutna nyang Nglencong, ning mung sedina. mBalik mulih nyang dhangkane Pojok kana, nutugake senenge main lan medok.”

“Nggih purun ngoten napa ta, Mbok?”

“Karo wong Pojok, karo wong mBalong, karo wong mBeran barang. Aku krungu mung takempet. Bojo ra tau ngayani, kathik ngono pisan, laru neng ati!” wangsulane simbok karo meteg dhadhane sing wis trepes dipangan umur. Kebayake dicopot.....” (Pete, 2012: 24-25)

Pethikan cerkak kasebut ngandharake yen paraga Wong Pojok mujudake pralambange bojo lanang sing ora nduweni tanggungjawab marang kulawargane. Paraga Wong Pojok sing wis urip bebrayan tansah nengenake kepentingane dhewe ora pedhuli anak lan bojone, senegane main lan medok. Tumindak sedheng kuwi mujudake saala-alane tumindaak, mula ora mokal yen sing wadon banget gething lan lara atine. Tumindake bojo lanang sing kaya mengkono mau sing njalari bojo wadone gething marang bojone, amerga tumindake wis kebacut. Kahanan congkrahe bojo lanang lan bojo wadon njalari urip sajrone kula warga ora bisa harmonis lan anake sing dadi korban.

4.1.7 Kritik Tumrap Rajapati

Rajapati yaiku tumindak nekat paten-pinaten sing bisa ndadekake ilange nyawane wong. Rajapati mujudake prakara sing sering ditemokake ing masyarakat. Rajapati kadadeyan amerga sawijine wong nduweni prakara sing wis ora bisa dirampungake kanthi becik, mula nepsune metu kanggo ngarampung prakara kanthi cara paten-pinaten. Saliyane iku rajapati uga sering ditemokake amerga anane dendham, kahahan sing kepepet, tumindak kriminal, lan prakara wong wadon. Sajrone urip bebrayan Jawa ana paribasan sing unine “Sadumuk bathuk sanyari bumi ditohi pati”. Tegese paribasan mau yaiku yen kulawargane diganggu utawa dilarani, lan lemahe diganggu utawa dipaculi mula bakal dirampung nganti tumekane pati.

Sajrone cerkak kanthi irah-irahan *Ing Sisihe Bumi Kang Mubeng* uga diandharake rajapati amerga rebutan galangan utawa watese Sawah. Kahanan iki jumbuh karo paribasan wong Jawa “sanyari bumi ditohi pati”. Wong sing nduweni prakara padha ngugemi yen dheweke bener lan ora gelem diklirokake. Amerga ora bisa ngempet

emosine lan padha ngugemi benere dhewe mula kedadeyan rajapati. Andharan ngenani rajapati sajrone cerkak kanthi irah-irahan *Ing Sisihe Bumi Kang Mubeng* bisa dideleng ing pethikan iki,

“Nyingkira! Aja ngalang-alangi. Menus kuwi kudu mati saka tanganku! Ayo diterusake! Ijen padha ijen! Huh! Wanimu mesthi ngamping, ora wani adu arep. Mesthi golek bala kanggo dekeng!” (Pete, 2012: 84).

“Aku ora rumangsa dadi wong menangan. Malah aku kalah terus saka mlaratku. Nanging yen bab iki dhaweke sing salah. Malah dheweke sing macul cengelku,” tembung Rakim.

“Kowe dhisik sing mbabitate cluritmu!” bantahe Sulkan. Nanging yen kowe ora nggeroni lemah, apa edan yen aku ngamuk tanpa sebab!” wangsulane rakim nggepok undheraning prakara sing gawe muringe. Banjur noleh.....” (Pete, 2012: 85)

“ Wis ora ana gunane dirembag-rembung nganggo diadili. Sing menang ora wurung ya sing wani tombok. Wong mlarat kaya aku iki nduwene mung okol. Nek wis pol, entek sabare, ya takbacok. Kesuwen yen aku diukum merga mateni wong, wis takanggep lumrah, mateni wong mlebu penjara, wis samesthine. Saora-orane yen wis taklakoni ukumane, ora bakal ditagih ukuman ing ndonya sing wis taklakoni.” (Pete, 2012: 87)

Pethikan kasebut ngandharake muring-muringe Rakim lan Sulkan sing padha gelut amerga rebutan wates sawah. Kekarone padha ngugemi benere dhewe-dhewe banjur padha emosine lan gelut bacok-bacokan. Wong sing rumangasa ora nduwe bandha kanggo ngrampung prakara, nduwene mung okol lan emosi, yen wis muntab emosine ya dirampung kanthi ditohi pati. Ukuman sing arupa dikunjara merga mateni wong wis ora digagas dening wong sing wis muntab emosine banjur mateni wong.

Rajapati dipilih kanggo ngrampung prakara merga wis banget buntune pikiran. Sawah miturut wong jawa pancen donya sing banget pentine, mula ora kaget yen sawahe digeroni wong liya sing nduwe sawah bakal tumindak nekat. Kudune prakara sing kaya mengkono mau bisa dirampungake kanthi cara musyawarah supaya ora mangan korban nyawa. Saben wong kudu nduweni pikiran sing jembar lan ati sing sabar supaya ora gampang tumindak nekat nganti nuwuhake korban rajapati.

4.2 Puitika Simbolik sajrone Rampadan Cerkak Gara-Gara Kagiri-Giri

Rampadan cerkak GGKG iki nduweni perangan kang narik kawigatan lan pinunjul. Perangan kang narik kawigatan yaiku pangripta anggone nulis cerkak akeh kang nggunakake simbol utawa pralambang-pralambang. Sajrone ngandharake idhe utawa panemune, Djajus Pete kerep nggunakake pralambang kang jumbuh kalawan kahanan kang nyata ing alam bebrayan. Pangripta kerep nggunakake jagad utawa paraga-paraga saliyane

manungsa kanggo nggambarake panguripane manungsa kang nyata. Sajrone nulis cerkak-cerkake Djajus Pete nggunakake jagade pewayangan lan jagade kewan kanggo nggambarake kahanan kang sanyatane yaiku urip bebrayane manungsa. Supaya luwih ngerti kepriye pangganggone pralambang mau bakal diandharake ing ngisor iki.

4.2.1 Simbol Jagade Pewayangan

Jagade pewayangan kerep digunakake kanggo nggambarake kahanan kang nyata ing urip bebrayane manungsa. Lakon-lakon wayang uga akeh kang nggambarake kadadeyan lan kahanane urip bebrayan kang sanyatane. Semono uga watak-watake paraga wayang sajrone pewayangan uga nggambarake watak-watake manungsa kang sanyatane. Kahanan ing lakon wayang uga nggambarake kahanan kang nyata miturut sanggite dhalang.

Kahanan sajrone jagade pewayangan kaya ngono mau digunakake dening pangripta yaiku Djajus Pete sajrone nulis cerkak-cerkake. Saliyane jagade pewayangan kuwi mirip utawa jumbuh karo jagad bebrayane manungsa, pangripta uga seneng marang kabudayan Jawa mligine wayang. Mula jagade pewayangan digunakake sajrone ngripta sawijine reiptan sastrane.

4.2.2 Simbol Jagade Kewan

Jagade kewan uga bisa dadi pralambang jagade manungsa ing alam bebrayan. Mligine yaiku jagade kewan sing nduweni interaksi sosial kaya interaksi sosial ing urip bebrayane manungsa kayata tikus, luwak, asu, sapi lan sapanunggalane. Kajaba saka iku manungsa sing nduweni watak ala bisa disimbolake kewan. Manungsa sing diupamakake kewan lumrahe nduweni kelakuwan utawa watak sing padha karo kewan iku, mula ora mokal yen sajrone reiptan sastra sing mujudake sarana kanggo ngiritik nggunakake jagade kewan utawa jenenge kewan kanggo nggambarake watak lan kelakuwane manungsa.

Cerkak-cerkak sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* anggitane Djajus Pete ana sing nggunakake jagade kewan kanggo nggambarake panguripan kang nyata ing alam bebrayan. Pralambang mau nduweni tujuwan kanggo narik kawigatane para pamaos. Saliyane iku pralambang nggunakake jagade kewan sajrone reiptan sastra nduweni tujuwan kanggo ngiritik marang kahanan sing nyata ing urip bebrayane masyarakat. Djajus Pete nduweni panemu khusus kena ngapa panjenengane nggunakake jagade kewan sajrone nulis cerkake.

4.3 Gegambarane Kritik Sosial kalawan Kedadeyan kang Nyata sajrone Urip Bebrayane Masyarakat

Kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak GGKG sing wis diandharake mau, mesthi gegayutan utawa ana sambung rapete kalawan kedadeyan sing nyata sajrone urip bebrayane masyarakat. Reiptan Sastra mujudake sawijine gejala sosial, mula ora mokal yen sawijine karya sastra mujudake kaca pangilon tumrap urp bebrayane masyarakat. Saka andharan ngenani kritik sosial sing ana sajrone rampadan cerkak GGKG bakal digayutake kalawan kahanan utawa kedadeyan sing nyata

sajrone urip bebrayane masyarakat kayata medhia sosial, internet, kalawarti utawa koran.

4.3.1 Panguwasa sing Gumedhe lan Mung Apik ing Tata Laire

Panguwasa mesthine kudu bisa dadi patuladhan sing apik tumrap para kawulane. Panguwasa kudu nduweni watak kang sabar, tata kramane apik lan ora gumedhe. Kanthi nduweni watak sing kaya mengkono mau, panguwasa bisa nglakokake tata pamrintahan sing apik lan bisa ndadekake kawulane urip tentrem lan ayem. Suwalike yen panguwasa tumindake sawiyah-wiyah, gumedhe lan mung apik ing tata laire wae mesthi uripe kawulane bakal tansaya nelangsa.

Panguwasa sing gumedhe lan mung apik ing tata laire uga mujudake kadadayan sing nyata sing tengaha urip bebrayane masyarakat. Panguwasa ing nduweni sipat kaya ngono kuwi tansah nengeneke abyore penganggone supaya diarani wah dening kawulane, mula panguwasa bakal gumedhe utawa sombong. Gambaran kadadayan nyata ngenani panguwasa sing gumedhe lan mung apik ing tata laire bisa dideleng ing pethikan pawarta sing kajupuk saka internet iki,

“JAKARTA, KOMPAS.com - *Keputusan Presiden Joko Widodo untuk menaikkan tunjangan uang muka pembelian mobil bagi pejabat negara dianggap sebagai pemborosan. Alasan pemerintah yang berkilah uang muka perlu dinaikkan karena adanya inflasi pun dianggap tidak logis.* (<http://nasional.kompas.com/read/2015/04/05/13405131/Yang.Kena.Dampak.Inflasi.Masyarakat.Kok.Tunjangan.Naik.untuk.Mobil.Pejabat.>)

Terjemahan :

Jakarta, kompas.com- keputusan presiden joko widodo mundhakake tunjangan dhuwit panjer kanggo tuku mobil para pejabat nagara dianggep ngentekna dhuwite nagara kanthi jor-joran. Alesane pemerintah panjere kudu diundhakake merga anane inflasi kuwi dianggep ora nalar.

Pethikan pawarta ing ndhuwur ngandharake yen Pemerintahe Jokowi mung nengeneke apik ing tata laire wae. Anggaran dhuwit kanggo tuku mobil mawahe para pejabat dianggep ota trep lan mung ngentekake dhuwite rakyat. Panguwasa sing kaya kang diandharake sajrone pawarta kasebut mung apik ing tata laire, nduweni mobil apik, omah apik nanging pungkasane kawula cilik sing dirugekake.

Dhuwit anggaran kanggo tuku mobil mawahe para pejabat iku luwih apik yen digunakake kanggo kepentingan rakyat, jalaran isih akeh kawula cilik sing mbutuhake bantuan. Ora malah digawe tuku mobil pejabat sing ora ana paedahe. Pejabat iku gajine wis gedhe. Kudune pemerintah ora perlu nglebar dhuwite negara mung kanggo kepentingan para pejabat sing mung kepengin apik ing tata laire wae. Luwih apik yen dhuwit mau digawe kanggo nulung kawula cilik sing tansah nandhang kasangsaran jalaran rega-rega kebutuhan urip tansaya larang.

4.3.2 Panguwasa sing Srakah lan Tumindak Sawiyah-wiyah marang Kawulane

Panguwasa kudu nduweni sesanti wani mlarat kanggo mulya lan makmure kawulane. Panguwasa sing apik kudu gelem aweh pitulungan marang kawulane sing tansah nandhang kasangsaran. Ora nduweni sipat srakah, lan seneng dedana marang kawulane. Kajaba saka iku, panguwasa ora kena tumindak sawiyah-sawiyah marang kawulane. Kawula cilik sing uripe nandhang kasangsaran lan kesusahan iku mujudake tanggung jawabe para panguwasa. Kadhang kala panguwasa ora pedhuli marang kawulane, malah tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane nganti kahanane tansaya mrihatinake.

Gegambarane kritik sosial panguwasa sing srakah lan tumindak sawiyah-wiyah marang kawula cilik sing diandharake cerkak kanthi irah-irahan *Kukuh, Buntung* lan *Pasemon* sajrone rampadan cerkak GGKG kalawan kahanan sing nyata ing masyarakat iku akeh ditemokake ing kanyatan. Kritik tumrap panguwasa sing srakah uga kadadayan ing kanyatan. Panguwasa sing kudune bisa aweh pangayoman marang kawulane, nggunakake tanggungjawabe kanggo mulyakake para kawulane malah tumindak srakah. Sejatine gaji utawa bayarane para pejabat iku wis gedhe, nanging merga watake para panguwasa sing ora ana mareme tansah ndadekake panguwasa kuwi srakah. Gegambarane kritik tumrap panguwasa sing srakah kalawan kahanan sing nyata diandharake ana ing pethikan pawarta saka internet iki,

“TEMPO.COM, Yogyakarta - *Ketua Komisi Pemberantasan Korupsi Abraham Samad mengatakan korupsi pejabat sebagai perilaku menyimpang. Menurut Abraham, pejabat korupsi bukan karena bergaji rendah, tapi karena srakah.* (<http://www.tempo.co/read/news/2014/05/03/63575102/Abraham-Samad-Srakah-Gaji-Selangit-Masih-Korup>)

Terjemahan :

TEMPO.COM, Yogyakarta - Ketua komisi pemberantasan korupsi Abraham Samad ngandharake yen korupsi sing ditindakake dening para pejabat kuwi tumindak sing kliru. Miturut Abraham, pejabat sing korupsi ora ateges gajine sithik, nanging pejabat kuwipance srakah.

Pethikan warta ing ndhuwur ngandharake panguwasa srakah jalaran ora nduweni rasa marem senajan wis digaji gedhe. Panguwasa sing srakah kerep njupuk samubarang sing dudu hake. Senajan wis digaji gedhe dening negara, wis diingoni dening negara, panguwasa sing kaya mengkono mau tansah rumangsa kurang lan ora ana cukupe. Panguwasa sing kaya mengkono mau bisa ngrugekake negara lan nyengsarake masyarakat. Buktine akeh panguwasa sing srakah tumindak korupsi jalaran ora bisa nggunakake tanggungjawabe dadi panguwasa kanthi trep. Watak srakahe panguwasa banget bebayani marang negara lan kawula cilik, jalaran anggaran dhana sing ditujokake dening negara kanggo mbiyantu kawula cilik dikorupsi karo panguwasa sing srakah mau.

4.3.3 Panguwasa sing Korupsi lan Seneng Ngumbar Janji

Korupsi mujudake prakara kang wis lumrah kadadeyen sajronne pemerintahan. Korupsi bisa kaadeyan jalaran pawongan sing nduweni kekuwatan pengin nggunakake kekuwatan kanthi cara kang ala yaiku kanthi cara korupsi. Ora anane kesadharane para panguwasa marang tanggungjawab minangka pimpinan. Korupsi mujudake penyakit pemerintahane. Wis kena dipesthekake sawijine negara mesthi ana seperangan pejabate sing tumindak korupsi sejaman mung sithik.

Kritik sosial tumrap panguwasa sing tumindak korupsi lan seneng ngumbar janji sing kinandhut sajronne rampadan cerkak GGKG uga ditemokake sajronne urip berayane masyarakat. gegambarane kritik sosial mau bisa dideleng ana ing pawarta-pawarta sing ngrembug kuciwane kawula cilik jalaran panguwasane padha korupsi lan seneng ngumbar janji. Pethikan warta sing nggambarake panguwasa sing korupsi bisa dideleng ing ngisor iki,

JAKARTA, KOMPAS.com - Kejaksaan Agung menahan Kasubag Umum pada Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LPPKS) Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, GS, tersangka dugaan korupsi pembangunan asrama 5 lantai dan gedung serba guna LPPKS Indonesia tahun 2012. (<http://nasional.kompas.com/read/2015/04/21/19315121/Kejagung.Tahan.Pejabat.Kemendi.kbud.Terkait.Dugaan.Korupsi>)

Terjemahan :

JAKARTA, KOMPAS.com - Kejaksaan Agung ngrangket Kasubag Umum sajronne Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LPPKS) Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, GS, tersangka sing diduga korupsi pembangunan asrama tingkat lima lan gedhung sarwa guna LPPKS Indhonesia taun 2012.

Pethikan warta kasebut mujudake gambaran saka panguwasa sing tumindak korupsi. Sejatine tumindak korupsi kuwi pungkasan bakal ngrugekake awake dhewe lan wong liya. Panguwasa sing korupsi yen wis konangan lan dirangket denning pulisi wis mesthi mlebu pakunjaran. Nanging seperangan panguwasa ora wedi marang ukum pakunjaran, jalaran ukum pakunjaran kuwi mung kanggo wong sing korupsi nanging bandhane ora akeh mula ora bisa nebus kanggo metu saka pakunjaran. Panguwasa sing dhuwite akeh, yen konangan korupsai akeh sing ucul merga ukumane bisa ditebus nganggo dhuwit.

4.3.4 Kahanane Pamrintahan sing Awut-Awutan

Pamrintahan sing adil, jujur lan tinarbuka bakal bisa ndadekake makmure kawula cilik. Tumindak para panguwasa sing padha manut ing paugeran nagara lan ora nerak angger-anggere kasusilan bisa dai patuladhan dening para kawulane. Panguwasa sing ora mbedakake antarane siji lan sijine mmujudake bukti yen nagara nduweni pamrintahan sing adil lan ora pilih kasih.

Kahanane sing kaya mengkonon mau bakal ndadekake pamrintahan sawijine nagara mlaku kanti runtut apik jalaran panguwasane kena digawe panjutan lan orak nerak paugran utawa undhang-undhang nagara.

Kahanane pamrintahan sing kaya mengkonon mau kadhang kala ora kaya sing dikarepake dening para masyarakat. Kahanane pamrintahan sing diajab bisa makmurake masyarakat malah tansaya nyengsarake kawulane. Kahanane kaya mengkonon iku sung diarani kaana pamrintahan sing aeut-awutan jalaran ora manut paugeran nagara. Kajaba saka iku, pamrintahan sing padha ngumbar janji, ngumbar nepsune, tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane, sarta seneng nerak pagere kasusilan njalarake tata pamrintahan sawijine nagara bakal awit-awutan utawa ora mlaku kanthi samesthine. Akeh ditemokake tata pamrintahan sing mlakune ora trep lan ndadekake kuciwane kawula cilik sing tambah nelangsa uripe. Kanggo mbuktakake gambaran kasebut bisa dideleng ing pethikan pawarta ngisor iki,

REPUBLIKA.CO.ID, JAKARTA -- *Joko Widodo (Jokowi) dianggap belum mampu mengatasi berbagai masalah bangsa yang kompleks. Karenanya, ia diperkirakan tak akan mampu mempertahankan pemerintahannya hingga selesai.*

"Jokowi belum mampu, bisa rusak negara ini bila dipimpin Jokowi. Diprediksi pemerintahan Jokowi hanya mampu bertahan tidak lebih dari dua tahun," ujar Sekretaris Dewan Pertimbangan Presiden Bidang Hankam, Letjen TNI Purn Romulo Simbolon, Rabu (2/7). (<http://www.republika.co.id/berita/pemilu/hot-politic/14/07/03/n844bd-pemerintahan-jokowi-diperkirakan-hanya-bertahan-dua-tahun>)

Terjemahan :

REPUBLIKA.CO.ID, JAKARTA -- *Joko Widodo (Jokowi) dianggap durung bisa ngrampungke prakara-prakara nagara sing kompleks. Mula saka iku, pamrintahan Jokowi dikira-kira ora bakal bisa nglakokake tata paerintahane nganti tutug limang taun.*

"Jokowi durung bisa, bisa rusak nagara iki yen dipimpin dening Jokowi. Anggepane yen pamrintahane Jokowi mung bisa mlaku ora luwih saka rong taun wae," kandhane Sekretaris Dewan Pertimbangan Presiden Bidang Hankam, Letjen TNI Purn Romulo Simbolon, Rabu (2/7).

Pethikan pawarta kasebut ngandharake tata pamrintahane Jokowi sing dianggap ora kasil ngrampungke sekabehane prakara sing dumadi ing nagara Indhonesia. Tata pamrintahane Jokowi dikira-kira ora bakal tutug lan mung bisa mlaku ora luwih saka rong taun. Jokowi dianggap durung bisa mimpin mula tata pamrintahane ora bisa ngrampungke prakara-prakara sing dumadi ing nagara Indhonesia. Kahanane sing kaya mengkonon mau nuduhake yen tata pamrintahane Jokowi isih awut-awutan durung bisa mlaku kanthi apik.

Faktor sing ndadekake amburadhule tata pamrintahe Jokowi ora mung saka njaba, nanging uga saka njero partai sing nyengkuyung Jokowi.

4.3.5 Kahanane Kawula Cilik sing Tansah Katindhes

Kawula cilik mujudake perangan saka sawijine nagara sing cedhak ing kasangsaran lan tansah manggon ing ngisor. Kawula cilik kudune oleh pangayoman saka para panguwasa supaya uripe dadi luwih apik. Semono uga para panguwasa kudune bisa aweh pangayoman marang kawula cilik supaya uripe kawula cilik ora tansah manggon ing ngisor. Anane panguwasa merga uga anane kawula cilik sing milih para panguwasa.

Kahanane sing samesthine kawula cilik oleh pangayoman saka para panguwasa, kadhang kala malah kadadeyan sing suwalike. Kawula cilik alah saya katindhes dening panguwasa sing tumindak sawiyah-wiyah. Panguwasa sing tumindak sawiyah-wiyah tansah nidhes kawula cilik kanggo nengenake kepentingan pribadine. Ora pedhuli yen nasibe kawula cilik bakal luwih sengsara jalaran tumindak panguwasa sing sawiyah-wiyah. Gegambarane kahanane kawula cilik sing tansah katindhes bisa dideleng ing pethikan warta ing ngisor iki,

Merdeka.com - 80 Personel Satuan Pamong Praja (Satpol PP) menertibkan kurang lebih 40 bangunan Pedagang Kaki Lima (PKL) di Jalan Ancol Barat I, RW 01 dan 02, Kelurahan Ancol, Kecamatan Pademangan, Jakarta Utara, Rabu (8/5). Mereka ditertibkan karena dibangun tidak pada tempatnya.

"Kita sudah bayar tau nggak! Kenapa ditertibkan? Kami bayar ke pihak RT Rp 150 ribu, ke RW setempat Rp 150 ribu dan itu dibayar per bulan. Bayar uang sewa lapak aja udah kesulitan, kami malah ditertibkan. Biadab itu!" ujar Silaen (44) seorang tukang tambal ban dengan nada tinggi. (<http://www.merdeka.com/jakarta/lapak-dibongkar-pkl-kesal-karena-sudah-bayar-setoran-ke-rt-dan-rw.html>)

Terjemahan :

Wolung puluh satuan Pamong Praja (Satpol PP) nertibake kurang luwih 40 bangone Pedagang Kaki Lima (PKL) ing dalan Ancol kulon I, RW 01 lan 02, Kelurahan Ancol, Kecamatan Pademangan, Jakarta Utara, Rabu (8/5). Para PKL ditertibake jalaran dibangun ora neng panggonane.

"Aku lan kanca PKL wis mbayar, ngerti apa ora! Nanging kena ngapa kok ditertibake? Aku mbayar 150 ewu neng Rwpanggonban dodolan, lan saben wulan mesthi mbayar. Wong mbayar dhuwit sewa wae wis kangelan, kok malah tega nertibake. Kebacut iku!" kandhane Silaen (42) tukang tambal ban karo nesu

Pethikan warta ing ndhuwur ngandharake nasibe kawula cilik sing katindhes dening panguwasa lan tansah nandhang kasangsaran. Pawarta mau nuduhake pamrintah sing nertibake panggonan dodolane para PKL sing

dianggep nyalahi aturan. Para PKL sing ditertibake ora trima jalaran dheweke rumangsa mbayar saben sasi. Senajan wis mbayar saben sasi kanggo nyewa panggonan dodolan, bangone para PKL kuwi tetep dibongkar kanthi cara paksa.

Kawula cilik sing tansah katindhes dening para panguwasa sing tumindak sawiyah-wiyah ora prakara anyar maneh sajrone pemerintahan. Kawula cilik mung digawe tambel butuh, lan dibuwang nalikane wis rampung digunakake kaya barang rongsoan. Sejatine kahanane kawula cilik sing wis lumrah manggon ana ngisor bisa didandani lumantar panguwasa sing adil lan sipate apik bisa mbiyantu kawula cilik uwal saka kasangsaran.

4.3.6 Cecongkrahane sajrone Kulawarga

Cecongkrahane sajrone kulawarga mujudake prakara sing wis lumrah kadadeyan ing urip jejodhohan. Cecongkrahane mau tuwuh merga anane prakara sing ora bisa dirampung kanthi musyawarah. Saliyane iku, kulawarga sing kudune dadi sarana kanggo urip jejodhohan kanthi ayem lan harmonis nanging malah kebak ing prakara-prakara sing ndadekake congkrahe bojo lanang lan bojo wadon. Prakara-perkama mau ndadekake suwasana sing ora nyaman sajrone kulawarga. Kritik tumrap cecongkrahane sajrone kulawarga sing kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG uga kadadeyan ing kanyatan urip bebrayane masyarakat. cecongkrahn sing dumadi akeh-akehe amerga tumindak sedheng utawa slingkuh lan KDRT. Sajrone congkrahe bojo lanang lan bojo wadon mau mesthi ana sing dadi korban. Korban mau mora liya ya anak-annake. Dene kanggo mbuktakake gegambarane cecongkrahane sajrone kulawarga sajrone kayatan urip bebrayane masyarakat bisa dideleng ing pethikan warta iki,

Merdeka.com - Apa yang menimpa Maryati (26) ini sungguh sangat tragis. Karena melabrak wanita idaman lain (WIL) suaminya, Maryati kini harus mendekam di bui. Tak hanya itu, Maryati juga harus hidup jauh dari bayinya yang masih berusia 3 bulan. Padahal sang bayi masih membutuhkan ASI darinya. (<http://www.merdeka.com/peristiwa/maryati-dibui-pisah-dari-bayinya-karena-labrak-slingkuhan-suami.html>)

Terjemahan :

Merdeka.com - Kadadeyan sing dialami dening Maryati (26) iki banget nrenyuhake. Amegra nglabrag wanita simpenane bojone, Maryati saiki kudu dikunjara. Ora mung winates iku, Maryati uga kudu pisah karo bayine sing isih umur telung sasi. Kamangka, bayine isih mbutuhake asi saka ibune.

Pethikan warta kasebut ngandharake tumindak Maryati sing miangaka bojo wadon kudu dikunjara nalika nglabrag wanita simpenane bojone. Tumindak sedheng bojone Maryati karo wanita liya sing njalari congkrahe kulawargane maryati. Sing nrenyuhake maneh anake Maryati sing isih umur telung sasi dadi korbane cecongkrahane kulawargane Maryati. Bayine Maryati sing kudune isih mbutuhake asi, malah ditinggal Maryati

ing pakunjaran. Pawarta ing ndhuwur mujudake bukti yen slingkuh dadi prakara sing ndadekake cecongkahan sajrone kulawarga. Kudune prakara iku bisa dirampungake kanthi cara musyawarah supaya ora ndandekake congkrahe kulawarga, nanging Maryati wis ora bisa ngempet muring-muring.

4.3.7 Rajapati

Rajapati mujudake tumindak sing wengis. Rajapati biyasane dilakoni dening pawongan sing pikirane buntu merga wis ora bisa mikir kanthi wening. Tumindak Rajapati kalebu tumindak kang ala sing dilakoni kanthi cara merjaya liyan. Manungsa yen tumindak rajapati lumantar anane rasa iri, pegel, ora seneng marang liyan, cemburu lan liya-liyane. Tumindak kasebut bisa kadadeyan marang pawongan sapa wae.

Kritik tumrap rajapati sing kinandhut sajrone rampadan cerkak GGKG mujudake gambaran kadadeyan sing nyata ing urip bebrayane masyarakat. buktine akeh kadadeyan rajapati ing masyarakat. Rajapati sing dumadi ing masyarakat mujudake tumindak sing ala mula saora-orane bisa didohi. Bukti yen gegambarane kritik tumrap rajapati dumadi ing panguripane masyarakat bisa dideleng ing pethikan warta iki,

Merdeka.com - Polsek Pondok Gede, Kota Bekasi, mengungkap kasus pembunuhan yang mirip dengan Deudeuh di Jakarta. Polisi menangkap Samiran (38) karena membunuh kekasihnya, Wagirah (35) karena dihina dan dikhianati cintanya.

Kepada wartawan, tersangka mengaku gelap mata. Sebab, pria asal Cilacap, Jawa Tengah itu, mengaku kerap dihina karena penghasilannya kecil dibanding pasangannya. Yang membuat pelaku lebih kalap, pelaku dislingkuhi hingga empat kali.
<http://www.merdeka.com/peristiwa/samiran-bunuh-kekasih-karena-sering-dihina-dan-dikhianati-cinta.html>

Terjemahan :

Merdeka.com - Polsek Pondok Gede, kota Bekasi, kasil ngungkap kasus rajapati sing mirip karo rajapatine Deudeuh ing Jakarta. Polisi ngrangket Samiran (38) jalaran merjayani wanitane, Wagirah (35) amerga dipadoni lan dislingkuhi katresnane.

Marang wartawan, tersangka ngaku yen nalare wis peteng. Wang lanang sing asline saka tlatah Cilacap, Jawa Tengah iku ngaku yen kerep dipadoni jalaran gaji asile nyambut gawe sithik tinimbang sisihane. Sing luwih nemen maneh, tersangka ngandhararajke yen dheweke dislingkuhi nganti kaping papat.

Pethikan pawarta ing ndhuwur ngandharake tumindak rajapati sing ditindakake kanthi wengis. Samiran tega merjayani kanca wanitane yaiku Samirah jalaran dipadoni yen gajine sithik. Luwih saka iku, samiran uga kerep dislingkuhi Samirah nganti kaping papat. Tumindake Samirah gawe petenge nalare Samiran, banjur samiran nekat kanggo mateni Samirah. Tumindak rajapati sing dilakoni dening Samiran merga wis ora bisa ngempet nesune. Saiki Samiran kudu nanggung ukuman

akibat apa sing wis ditindakake nganti ndadekake ilange nyawane Samirah.

4.4 Nilai-Nilai Sosial kang Kinandhut sajrone Rampadan Cerkak Gara-Gara Kagiri-Giri

Sawijine reiptan sastra mesthi ngandhut amanat utawa samubarang sing bisa digawe patuladhan tumrap pawongan sing maca. Kajaba saka iku, pangripta uga nduweni tujuwan khusus nulis sawijine reripatan sastra. Salah sijine tujuwane pangripta yaiku ngandharake nilai-nilai sing apik supaya dituladha dening para pamaos. Nilai-nilai iku diwujudake kanthi cara crita tinulis sing kebak ing piwulang luhur.

Semono uga sing ditindakake dening pangripta Djajus Pete kanthi nulis rampadan cerkak gara-gara kagiri-giri. Rampadan cerkak GGKG anggitane djajus pete nduweni perangan sing pinunjul yaiku ngenani kritik sosial. Sing narik kawigaten anggone ngandharake kritik sosial mau diwujudake kanthi simbol utawa pralambang-pralambang. Sajrone simbol utawa pralambang mau ngandhut amanat utawa niali-nilai sosial kang bisa kanggo patuladhan dening para pamaos.

4.4.1 Aja Nduweni Sipat Gumedhe lan Mung Nengenake Apik ing Tata Lair

Sipat gumedhe utawa umuk kuwi wis lumrah yen dideweni dening manungsa, jalaran manungsa kadunungan nepsu. Saliyane manungsa kadunungan nepsu, manungsa uga kadunungan akal utawa pikiran. Akal utawa pikiran mau sing kudune bisa ngreksa nepsu supaya ora ngrembaka.

Sipat umuk utawa gumedhe bisa ndadekake tumindake wong tansaya ndadra. Wong sing dikuwasai sipat gumedhe tansah mbanggakake marang awake dhewa. Kaya-kaya ora ana sing bisa ngalahke dheweke. Sipat gumedhe uga tansah pamer yen dheweke nduweni kaluwihan, kalungguhan sing dhuwur. Pawongan sing kaya mengkono iku nganggep yen wong liya luwih asor tinimbang dheweke, lan dheweke sing paling dhuwur drajade.

4.4.2 Aja Nduweni Watak Srakah Lan Seneng Nganiaya Marang Liyan

Manungsa urip ing alam ndonya mesthi akeh sing kepincut karo gumebyare donya, mula ora mokal yen manungsa kadunungan sipat srakah. Sipat srakah kuwi mujudake sawijine sipat sing ala lamun ora dilereni. Sipat srakah mujudake wong sing angah-angah lan ora nduwe rasa sokur maring Pengeran. Tansah rumangsa kurang lan pengin nduweni sing luwih saka sing diduweni saiki. Kadhang kala sipat srakah iki uga kepengin nduweni duweke wong liya sing dudu bagiyan.

Sipat srakah lan seneng nganiaya marang liya mujudake tumindak sing ala, mula saora-orane kudu didohi. Tumindak kaya ngono iku bisa ngrugekake awake dhewe lan ngrugekake wong liya. Tuladhane pejabat sing korupsi dhuwite nagara lan gawe sengsarane kawula cilik yen konangan tumindake bakal mlebu pakunjaran sing ngrugekake awake dhewe. Mula saka iku, kritik sosial tumrap panguwasa sing srakah, senengane tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane, panguwasa sing korupsi nduweni tujuwan supaya panwongan mau ora nglakoni tumindak ala sing ngrugekake awake dhewe lan wong liya.

4.4.3 Aja Seneng Slingkuh lan Tumindak KDRT

Slingkuh lan KDRT utawa kekerasan sajrone kulawarga mujudake tumindak ala sing bisa ndadekake congkrahe kulawarga. Tumindak slingkuh bisa saliyane bisa ndadekake congkrahe kulawarga uga bisa ndadekake pawongan tumindak nekat saengga dumadi rajapati. Slingkuh utawa tumindak sedheng ateges wis mblenjani janji marang sisihane. Wong sing seneng slingkuh bakal rumangasa ora bisa uwal jalaran selingkuh pancen mujudake tumindak ala sing nagih. Mula saka iku, apwongan sing slingkuh bisa ndadekake bubahe kulawarga sing wis dibangun.

Slingkuh lan KDRT mujudake tumindak sing ngrogekake awake dhewe lan wong liya, mula kudu diadohi. Kulawarga sing pengin sesambungane harmonis kudu nduweni watas sabar lan bisa ngrampungake prakara kanthi musyawarah saengga ora kadadeyan KDRT. Kritik sosial marang wong sing seneng slingkuh, wong sing tumindak KDRT dikarepekake bisa ndadekake masyarakat ora nindakake kelakuwan sing bisa ngrugekake awake dhewe lan wong liya. Sajrone cecongkrahane ing satengahe kulawarga mau sing dadi korban ora liya anak-anake sing ora ngerti tuk sumber prakara. Pungkasane anak mau bakal melu ngrasakake congkrahe bapak lan ibune. Mula saka iku supaya ora nuwuhake korban, cecongkrahane sajrone kulawarga kudu tansah diadohi.

4.4.4 Aja Tumindak Adigang Adigung lan Adiguna

Manungsa sing rumangsa kuwat bakal tumindak sakarepe dhewe, jalaran dheweke rumangsa nduweni kekuwatan lan bisa nindakake kabeh sing dadi kekarpane. Tumindak kaya mengkono kuwi sing diarani adigang, adigung lan adiguna. Lumrahe tumindak sing kaya mengkono iku diduweni dening para panguwasa lan para pejabat sing nduweni kekuwatan lan badha akeh.

Masyarakat Jawa sabisa-bisane kudu ngedohi tumindak adigang, adigung lan adiguna. Mligine kanggo para pejabat lan para panguwasa aja tumindak sakarepe dhewe jalaran bisa ngrugekake kawulane. Sejatine tumindak ala sing kaya mengkono mau bakal ngrugekake awwake dhewe, mula saka iku sabisa-bisane kudu didohi supaya bisa urip ayem lan tentrem.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Adhedhasar asile njlentrehake wujud lan gegambarane kritik sosial sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* anggitane djajus Pete kanthi tintingan sosiologi sastra bisa didudut patang perangan. Perangan sepisan yaiku wujud kritik sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* anggitane djajus Pete kang diteliti kanthi tintingan sosiologi sastra. Perangan sepisan mau kaperang dadi pitung kritik sosial, yaiku 1) kritik tumrap panguwasa sing gumedhe lan mung apik ing tata laire, 2) kritik tumrap panguwasa sing serakah lan tumindak sawiyah-wiyah marang kawulane, 3) kritik tumrap panguwasa sing korupsi lan senang ngumbar janji, 4) kritik tumrap kahanan pamrintahan sing awut-awutan, 5) kritik tumrap kahanane kawula cilik sing tansah katindhes, 6) kritik tumrap cecongkrahane sajrone kulawarga, 7) kritik tumrap rajapati. Kritik sosial sing

kinandhut sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* mau mujudake kaca pangilon marang kadadeyan kang nyata ing urip bebrayane masyarakat.

Kapindho, panliten iki njlentrehake wujud puitika simbolik sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri*. Wujud puitika simbolik kang sering digunakake dening pangripta ana loro yaiku 1) simbol jagade pewayangan, lan 2) simbol jagade kewan. kaloro simbol mau kerep digunakake dening pangripta jalaran jagade pewayangan lan jagade kewan cedhak banget lan cocog karo jagade penguripane manungsa kang sanyatane.

Katelu, gegambarane kritik sosial kalawan kadadeyan kang nyata sajrone urip bebrayane masyarakat. Gegambarane kritik sosial mau uga kaperang dadi pitu miturut wujud kritik sosial kang ana sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri*.

Andharan sing pungkasan yaiku ngenani nilai-nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* anggitane djajus Pete. Nilai sosial iku mujudake amanat kang ditulis dening pangripta lumantar reriptan sastrane. Dene ing kene nilai-nilai sosial ana gegayutane karo kritik sosial kang wus diandharake. Nilai sosial kang kinandhut sajrone rampadan cerkak *Gara-Gara Kagiri-Giri* ana telu yaiku 1) aja nduweni sipat gumedhe lan mung nengenake apik ing tata lair, 2) aja nduweni watak serakah lan seneng nganingaya marang liyan, lan 3) aja seneng slingkuh lan tumindak KDRT, 4) aja tumindak adigang adigung lan adiguna.

5.2 Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo njlentrehake wujud kritik sosial lan gegambarane kritik sosial kelawwan kadadeyan sing nyata ing urip bebrayane masyarakat. Panliten ngenani kritik sosial isih prelu ditindakake kanggo ngerteni pangrembakane prekara sosial lan fenomena sosial sajrone reriptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Panliten bab kritik sosial sajrone genre sastra mligine sastra Jawa modern isih prelu ditindakake kanggo ngerteni maneka reriptan sastra kang ngandhut kritik sosial kang ana sajrone jinis-jinis genre sastra. Saben reriptan sastra mujudake kaca pangilon marang kadadeyan sing nyata ing uripe masyarakat. mula saka iku, kanthi diteliti lan dianalisis bisa dingerteni yen sawijine reriptan sastra ngandhut kritik sosial sing bisa didadekake patuladhan supaya luwih apik ing tembe mburine.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Budiman, Kris. 1999. *Semiotika*. Yogyakarta: LKIS.
- Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi sastra; Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: epistemology, model teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Faruk, 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.

- Geertz, Clifford. 1986. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Hadiwidjana, R.D.S. 1952. *SarwaCastra Djilid III*. Yogyakarta : U.P Indonesia N.V.
- Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta : PT. Gramedia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1993. *Merambah Matahari : Sastra Dalam Bandingan*. Surabaya : Gaya Masa.
- _____. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pete, Djajus. 2012. *Gara-Gara Kagiri-Giri*. Bojonegoro: Gus Ris Foundation.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2003. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta; Gajahmada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- Santosa. 1990. *Ancangan Semiotika dan Pengkajian Susastra*. Bandung : Angkasa.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2008. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.
- Semi, Atar. 1990. *Kritik Sastra*. Bandung : Angkasa.
- Soekanto, Sardjono. 1982. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Pusada.
- Stanton, Robert. 2010. *Teori Fikisi Robert Stanton*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar. (Kajarwan dening Sugihastuti).
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta : Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sumardjo, J. Ian Saini K.M. 1988. *Apresiasi Kasusastran*. Jakarta : PT. Gramedia
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Waluyo, Herman J. 1987. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta : Erlangga.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia. (Kajarwan dening Melani Budianta).
- Wiyasa, Thomas Bratawijaya. 1997. *Mengungkap dan Megenal Budaya Jawa*. Jakarta : PT. Pradya Paramita.
- Yasa, I Nyoman. 2012. *Teori Sastra dan Penerapannya*. Bandung : C.V Karya Putra Darwati.
- _____. 2015. *Yang Kena Dampak Inflasi Masyarakat Kok Tunjangan Naik untuk Mobil Pejabat*. (http://nasional.kompas.com/read/2015/04/05/13405131/Yang.Kena.Dampak.Inflasi.Masyarakat.Kok.Tunjangan.Naik.untuk.Mobil.Pejabat, diunduh 27 April 2015)
- Maharani, Shinta. 2014. *Abraham Samad Serakah Gaji Besar Masih Korup*. (http://www.tempo.co/read/news/2014/05/03/063575102/Abraham-Samad-Serakah-Gaji-Selangit-Masih-Korup, diunduh 27 April 2015)
- Permana, Fidel Ali. 2015. *Kejagung Tahan Pejabat Kemendikbud Terkait Dugaan Korupsi*. (http://nasional.kompas.com/read/2015/04/21/19315121/Kejagung.Tahan.Pejabat.Kemendikbud.Terkait.Dugaan.Korupsi, diunduh 27 April 2015)
- Faqih, Mansyur. 2014. *Pemerintahan Jokowi diperkirakan Hanya bertahan dua Tahun*. (http://www.republika.co.id/berita/pe_milu/hot-politic/14/07/03/n844bd-pemerintahan-jokowi-diperkirakan-hanya-bertahan-dua-tahun, diunduh 27 April 2015)
- Winarno, Hery H. 2015. *Maryati Dibui Pisah dari Bayinya karena Labrak Selingkuhan suami*. (http://www.merdeka.com/peristiwa/maryati-dibui-pisah-dari-bayinya-karena-labrak-selingkuhan-suami.html, diunduh 27 April 2015)
- Nugroho, Adi. 2015. *Samiran Bunuh Kekasih Karena Sering Dihina dan Dikhianati Cinta*. (http://www.merdeka.com/peristiwa/samiran-bunuh-kekasih-karena-sering-dihina-dan-dikhianati-cinta.html, diunduh 27 April 2015)
- Choiriah, Muchlisa. 2015. *Lapak Dibongkar PKL Kesal Karena Sudah Bayar Setoran ke RT dan RW*. (http://www.merdeka.com/jakarta/lapak-dibongkar-pkl-kesal-karena-sudah-bayar-setoran-ke-rt-dan-rw.html, diunduh 27 April 2015)

Sumber Internet :

- Asril, Sabrina. 2015. *Yang Kena Dampak Inflasi Masyarakat Kok Tunjangan Naik untuk Mobil Pejabat*. (http://nasional.kompas.com/read/2015/04/05